



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 14 novanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ \$839,000 NY WORKS KI TE FÈT NAN SARATOGA SPA STATE PARK

Nouvo etablisman piknik ak santye ki ideyalman lokalize toupre pisin peerless, lakou rekreyasyon

Ou Ka Gade Foto Evenman an [isit la](#) , [isit la](#) ak [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Saratoga Spa State Park pral konplete plizyè pwojè ki pral ogmante aksè ak rekreyasyon anjeneral. Renovasyon sa yo, ki finanse atravè NY Works epi totalize \$839,000 gen ladan yon nouvoabri piknik avèk kapasite pou kenbe 75 moun, yon konplèks estasyon konfò toupre pisin Peerless, ak yon nouvo santye demi-mèt pou bisiklèt ak pyeton nan park la nan zòn wout 9/Sid Broadway.

“Saratoga Spa State Park se youn nan lokal rekreyasyon anplennè ki pi bèl, e pwojè sa yo ap ranfòse repitasyon sa nan fè park la vini menm pi agreyab pou vizitè tout laj,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè yo bati sou karakteristik popilè epi envesti nan pwojè ki pral reponn a bezwen vizitè yo jodia ak nan lavni, nap kreye yon sistèm park ki pi akeyan pou tout Nouyòkè yo.”

Nouvoabri piknik Polaris, ki nome apre youn nan sous mineral selèb park la, se nevyèmabri piknik rantab nan park la. Li lokalize ideyalman toupre pisin peerless ak lokal rekreyasyon nan sit la egalman bay yon nouvo estasyon konfò, gwo brik fire-pit, e li aksesib pou moun ki gen pwoblèm mobilite.

Achèvman santye nan bò wout 9/sid broadway ajoute yon lòt mèt asfalt nan santye pyeton- bisiklèt nan rezo etandi park la. Santye a relye wout lès-lwès nan Marin Avenue, elaji santye ki egiste deja nan zòn wout 9 nan Avenue Pines pou rive nan Marin Avenue, epi kreye yon nouvo santye loop nan park la. Nan kad ekspansyon pwojè santye a, konstriksyon an te egalman ankou nan nouvo santye Peerless Loop la, sa ki pral etabli preske yon mèt santye asfalte andeyò wout la bò kote konplèks pisin Peerless la. Santye Peerless Loop espere pou l fini nan prentan.

Komisyonè Park Eta Rose Harvey te deklare, “Nouvo etablisman sa yo pou vizitè park la refleto

Haitian Creole

amelyorasyon Gouvènè Cuomo ap vin posib nan state park yo nan New York. Paviyon piknik popilè Spa Saratoga nou an rezève byen bonè, kidonk nou kontan pou n ofri yon nouvo opsyon pou reyinyon fanmi, rankont depasman konpayi, fèt anivèsè ak lòt rasanbleman nan park la. E nouvo segman santye a pral amelyore atitid amikal pou mache, kouri ak monte bisiklèt.”

Abri yo ap disponib pou lokasyon piblik ant mwa me jiska nan mitan mwa oktòb. Yo pral mete aplikasyon yo nan yon lotri pou rezève abri piknik yo pral aksepte apati 2 janvyè 2015 jiska 6 fevriye 2015. Frè lokasyon pa jou a se \$200. Antre machin nan park la pa enkli. Apre delè lotri a, yo pral onore aplikasyon yo sou yon baz premye vini, premye sèvi. Tanpri rele biwo park la pou jwenn plis enfòmasyon nan 518-584-2535.

Yo te idantifye amelyorasyon park la nan yon resan [plan prensipal](#) pou Saratoga Spa State Park.

Amelyorasyon park la reflekte yon revitalizasyon nan sistèm park eta nan nivo tout eta. Anba pwogram NY Works, Gouvènè Cuomo te dedye \$90 milyon dola nan bidjè Eta 2014-2015 a pwojeksyon amelyorasyon kapital State Park yo. Angajman ki vini apre de dènye ane inisyativ New York Works la, sa ki atribye \$179 milyon dola nan nouvo finansman kapital. Ansam avèk adisyon fon ki te ogmante NY Works te sipòte yon total \$421 milyon dola pou avanse 279 pwojè amelyorasyon nan 109 park depi ane 2012.

Majistra Saratoga Springs Joanne Yepsen te deklare, “Mwen kontan dèske pwojè amelyorasyon sa yo te fèt nan Saratoga Spa State Park, e mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak Komisyonè Harvey pou lidèchip yo nan mete lajan disponib pou state park nou yo. Investisman sa yo ki byen akeyi pral amelyore opòtinite rekreyasyon rejyon nou an epi fè bèl park nou renmen anpil yo vin pi atreyan ak dinamik pou anpil ane ankò.”

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York ap sipèviz 180 pak ak 35 espas istorik eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa ale sou Entènèt nan sitwèb www.nysparks.com, konekte nan [Facebook](#), oswa swiv nou nan [Twitter](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride

Haitian Creole